

Kisa Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ye?

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la pèmèt fanmi, lekòl ak kominote yo jwenn yon fason pou yo travay ansanm pou fè ekonomi ak pou investi nan avni pitit yo.

Se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou elèv ki nan lekòl piblik yo. Yo te kreye pwogram sa a pou **chak grenn elèv nan lekòl piblik NYC** ka gen gwo rèv, ka konstwi byen finansye pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, e pou yo ka resevwa sipò kominotè sou pakou yo. NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a **an patenarya avèk Lekòl Piblik Vil New York (NYC Public Schools) yo ak Vil New York la.**

Kijan Pwogram nan fonksyone?

Timoun ki elijib yo **enskri otomatikman epi yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis, ki gen yon premye depo \$100 sou li** sof si paran yo oswa responsab legal yo chwazi pa patisipe. Fanmi yo ka genyen **jiska \$175 kòm rekonpans lè yo konplete etap yo**, epi **kominote yo ka sipòte yo lè yo kontribye lajan anplis** pou gwoup Kont Bousdetid NYC timoun yo atravè **Bousdetid Kominotè**. Lajan ki alwe sou Kont Bousdetid NYC yo investi nan yon kont 529 ke NYC Kids RISE posede epi jere sou non elèv ki patisipe yo.

Aprè yo fin aktive Kont Bousdetid NYC pitit yo, fanmi yo kapab ouvri ak konekte yon kont depay apa pou inivèsite ak karyè ke yo posede nan avantaj pitit yo a. Apresa, yo ka kòmanse ekonomize lajan nan fason ak montan ki fè sans pou sikonstans finansye yo.

Kiyès ki ka patisipe?

Apati ane akademik 2025-2026, elèv ki nan **jadendanfan jouk rive nan klas katyèm ane** nan lekòl piblik NYC (ki enkli lekòl piblik endepandan [charter school] k ap patisipe yo) elijib pou patisipe nan Pwogram nan, **kèlkeswa revni fanmi an oswa estati imigrasyon yo.**

Etandone yo te lanse Pwogram lan nan rejyon jewografik Distri Lekòl 30 lan nan lane 2017, tout elèv nan klas jadendanfan jouk rive nan klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt yo elijib pou yo patisipe.

Kilè mwen kapab aktive Kont Bousdetid NYC gratis pitit mwen an?

Pitit mwen ap kòmanse jadendanfan oswa ap antre nan klas 1ye-4yèm ane nan yon lekòl piblik NYC (oswa nan yon lekòl piblik endepandan [charter school] k ap patisipe) pou premye fwa

Ou ka aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a an **Janvyè 2026!** Lekòl ou a ansanm ak NYC Kids RISE pral avize w lè kont pitit ou a pare.

Si ou deja aktive yon Kont Bousdetid NYC pou yon lòt timoun, w ap kapab konekte w ankò sou Siveyans Epay (Savings Tracker) a nan nyckr.org/intro-login epi ajoute nouvo timoun ki elijib ou a an Janvyè.



Pou kounye a, aprann plis sou Pwogram lan nan nyckidsrise.org oswa patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl nan nyckr.org/events-cal.

Aktyèlman pitit mwen an nan klas 1ye, 2yèm, 3yèm oswa 4yèm ane e li enskri nan yon lekòl piblik NYC (oswa yon lekòl piblik endepandan [charter school] k ap patisipe) pou ane akademik 2024-2025 lan

Konpliman! Si w pa t decide soti nan Pwogram nan, pitit ou deja genyen yon Kont Bousdetid NYC gratis ak yon montan **inisyèl \$100** pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Swiv etap ki pi ba yo pou aktive ak afiche kont lan epi pou **genyen \$25 anplis.**



Ale sou sitwèb nyckr.org/st-register. Antre kòd postal lakay pitit ou a, dat nesans li, ak Nimewo Idantifikasyon Elèv li. Apresa, klike sou "Soumèt (Submit)". Ou kapab mande lekòl ou a pou sipò tou!

Kesyon Yo Poze Pi Souvan yo

1. Kisa yo ka fè ak lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a?

Lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a envesti nan yon kont 529 epi li ka sèvi pou yon varyete depans pou edikasyon siperyè ak nan nenpòt enstitisyon ki elijib nan peyi Etazini ak aletranje. Anplis inivèsite ak kolèj kat lane tradisyonèl yo, gen lòt tip enstitisyon ki elijib ki gen ladan yo inivèsite kominotè yo, lekòl pwofesyonèl ak komèsyal yo, pwogram aprantisaj ki elijib yo ak pwogram diplòm sou entènèt yo. Lajan bousdetid la ka sèvi pou frè eskolarite, pèman, ekipman, depans pou chanm ak pansyon, epi menm pou liv, ke souvan lòt bousdetid yo pa kouvri.

2. Kijan estati imigrasyon m afekte kapasite m pou m patisipe?

Li pa afekte !! Tout elèv ki elijib ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a kèlkeswa estati imigrasyon yo. Fanmi yo **pa** bezwen bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) pou pitit yo enskri nan Pwogram nan epi resevwa yon Kont Bousdetid NYC.

3. Kisa k ap rive kont bousdetid pitit mwen an si nou kite distri lekòl aktyèl nou an anvan pitit mwen an gradye nan lekòl segondè?

Depi pitit ou a fin resevwa yon Kont Bousdetid NYC, li ka toujou gen aksè ak kont sa menm si li deplase al nan nenpòt lòt distri piblik oswa lekòl piblik endepandan (charter school) ki nan Vil New York la. Pitit ou a ap toujou rete elijib tou pou tout avantaj ki lye ak patisipasyon l. Si pitit ou a kite sistèm lekòl piblik NYC a, pitit ou ap

toujou kapab itilize lajan ki gentan depoze sou Kont Bousdetid NYC li a, men li p ap elijib pou l jwenn okenn lòt rekonpans adisyonèl.

4. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC sa afekte kalifikasyon pou benefis piblik yo?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi jere Kont Bousdetid NYC yo, genyen yon kont bousdetid **pa** gen enpak sou aplikasyon yon elèv oswa fanmi l pou benefis piblik. Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl li, aktif sa a ka gen enpak sou yon seri benefis.

5. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC sa afekte kalifikasyon pou èd finansye?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi jere Kont Bousdetid NYC yo, si yon elèv genyen kont bousdetid sa a, sa **pa** gen enpak sou kalifikasyon l pou l resevwa èd finansye pandan lajan an sou kont la. Lè pitit ou ap pre rive nan lè pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, NYC Kids RISE ap bay plis enfòmasyon sou fason itilizasyon lajan ki sou kont bousdetid la pou edikasyon pitit ou a ka afekte kalifikasyon l pou l resevwa èd finansye lè lajan an depanse. Ka gen enpak, ka pa genyen. Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl li, ekonomi sa yo ka gen enpak sou pakè èd finansye elèv la.



Pou plis detay sou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite ak sou kesyon adisyonèl yo poze souvan yo, tanpri ale sou sit la nan nyckr.org/faq.